Ассаламу гIалайкум!

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 4 (6833) * 26 ЯНВАРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 7 ШАГIБАН 1447 с. *

## ТIабигIияб газалъул хIакъалъулъ



**Щибаб соналда хасел тIаде щвараб-го цIикIкIуна районалда токалъ-ул мухъазда лъугьунел авари-яби, гIемерал гIадамал хутIула цIороral рукъзабахъ. Токалъул мухъалдасан тIаса нагрузка босула тIабигIияб газ бачарал росабалъ, авалазда.**

Гьеби хIисабалде босун районалъ-ул «Церехун» газеталъул хIалтIухъан щвана районалда хIалтIулеб бугеб «Газпром газораспределение Дагестан» гIуцIиялъул Хьаргаби ва Унсоколо районазда гьоркьосеб участокалде ва дандчIвана гьелъул нухмалъулев Сай-пудин МухIамадовгун. Гьев хIалтIулев вуго тIабигIияб газалъул магIишаталъул республикаялъул батIи – батIияб рай-оназда 23 соналъ, нилъер районалде гьев вачIана 2024 соналда. Буго кIудияб хIалтIул хIалбихьи.

РакI рагьараб кIалъа – бачаялда ба-янлъана хадуб рехсолеб:

Районалъул росабалъе, авалазде тIабигIияб газ бачуна «Трансгазстрой» гIуцIиялъ. «Газпром газораспределе-ние Дагестан» гIуцIиялъ гьез гьабураб хIалтIи кьабул гьабуна, гIайиб чIвазе бакI гьечIони, бугони гьел гъалатIал ритIизе гьаризе заман кьола.

Районалъул гIадамазе жидер-го рукъзабахъе тIабигIияб газ бачи-не бегьула догазификациялъул про-граммаялда рекъон гIарзабиги хъван МФЦялдасан – багьа - 16,600 гъурущал-де, «Газпром газораспределение Даге-стан» гIуцIиялдасан 20,600 гъурущалде. ТIабигIияб газ рукъзабахъе бачине чара гьечIого кьваригIуна минаялъул доку-ментал, ай зеленка.

Рехсолеб гIуцIиялъ кьотIи – кьа-ялги хъван газ бачарал гIадамазул об-служивание гьабуралъухъ босула I200 гъурущ лъагIалие. Гьелда рекъон щи-баб соналъ гьеб гIуцIиялъ хал гьабу-лел газалъул мухъалъул, газалъул пли-таялъул, гьеб тIаса унеб бакI батани хехго тадбирал гьарула гьел гьоркьор кьотIизе гьаризе.

Гьаб соналъул март – апрель моцIазда «Трансгазстрой» гIуцIиялъ Курмиб росулъе бачун лъугIизе гьабизе ккола тIабигIияб газ. Хьаргаби росдал ТIадгIурикIкIанда авалалде газ бачун лъугIизе гьабизе ккола цо моцIрол бол-жалалда жаниб.




Районалъул бетIер М. ТIагьировасул кидагосеб бербалагьиялда гьоркь буго районалъул догазификация гьаби. Районалъул администрациялда гIемер тIоритIула хIалтIулал дандчIваял, дан-делъаби рехсолеб суалалда хурхун. Гьале дагьал церегIан къояздаги райо-налъул администрациялда тIобитIана газалъул магIишаталъул хъулухъазул-гун дандчIвай.

Гьенир гьоркьорлъун хал гьабу-на районалъул росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул программа гIумруялде бахъине гьабиялъул. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Газпром газораспределение Дагестан» гIуцIиялъул нухмалъулел Сайпудин МухIамадовас ва АхIмад ГIалиевас подрядалъулаб «Трангаз-строй» гIуцIиялъул вакил Шамиль Багавовас, районалъул депутата-зул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, Хьаргаби ва Кьу-дукь росабазул бутIруз.

Данделъиялда лъикIаблъун би-хьизе гьабуна цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIани гьелъул цебетIей хехаб букIиналъул. Гьединго лъикIаблъун рикIкIана росдал гIадамазул жига-раб хIалтIиялъ рехсолеб программа гIумруялде бахъине гьабизе кIудияб кумек квербакъи букIинилан.

ГЬАДИН ХЪУЛУХЪ ГЬАБУЛА НИЛЪЕР ГIОЛОХЪАБАЗ

## РакIбацIцIадаб хъулухъ

**Дагъал церегIан къоязда тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе гьабулев вугев Хьаргаби росулъа <u>ГIумаров МухIамад Шамиловичас</u> хъулухъ гьабулеб бугеб часталдасан бачIана роха-лилаб хабар. Россиялъул Федерациялъул гIорхъаби цIунулаго бихьизе гьабу-раб бихьинчилъиялъухъ, бахIарчилъиялъухъ ва цой-гидазе бугеб мисалалъухъ гьев хIурматияб грамота-ялъе мустахIикълъун вукIин.**



Гьеб шапакъат гьесие кьуна ракетабазул ва артилериялъул къоялъул байрамалде. Гьединго гьесул хъизамалде бачIана барка-лаялъул кагъатги.

Гьениб рехсолеб буго МухIамадица живго вихьизе гьа-вунила гIадлу бугев, тIадаб рагъу-лаб хъулухъ мустахIикъго тIубазе гьабулев, цадахъ хъулухъ гьабу-лез ва командованиялъ адаб – хIурмат гьабулев рагъухъанлъун.

Районалъул нухмалъулез ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго МухIамадил эбел – инсуе умумузул гIадатал, тарих, ВатIан цIунулезул ирс тIадегIанаб даражаялда цIунуралъухъ.

Щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва рокъоб паракъалъи ну-жее гьединав вас гIезе гьавура-лъухъ.

Биччанте сах – саламатго ну-жер вас нужехъе нахъ вуссине.

## Ассалам ГIайкум хирияб Хьергебдирил жамагIат!

**Бокьун буго нужеда бицине росулъ бугеб лъадал ахIвал-хIал.**

Жакъа къоялде нилъер Курмисан бачIунеб лъел труба цIороги цIорон бихьун буго. Гьеб труба букIун буго цIакъ къадараб качестваялъул, цо-цояз абулеб буго гьеб бугина цебе хIалтIизе гьабун букIараб пескостроялъ бацIцIад гьабураб трубайилан.

Курмиса Хьаргабибе бугеб трубаялъул халалъи буго 7 км. Нижеца 2025 соналъ админи-страциялъул гIарцухъги, нилъ-ер гIадамаз садакъаде кьураб гIарцухъги босун букIана I,6 км. пластиковый труба.

Нижер кьотIи ккана къватIисан бачIунеб бугеб лъел рогIразул участок хисизе, гьелъие хасаб сварочный аппа-ратги босана. Амма гьеб хIалтIи гьабизе бегьулеб батичIо 10 градусалдаса дагьаб темпера-тура бугони. Гьелъ кьотIи ккун букIана трубаби рихъараб щи-наб бакIалги дандеги кьабун хомутал разе. Данде кьабулеб мехалъ аскIосан рихъизе лъу-гьана. Гьелде тIадеги «ТIад гIурикIкIанда» бугеб сква-жиналъул насос бухIана. Гьеб буго лъабабилеб насос гьениб бухIулеб бугеб. Гьеб насосги букIана авалалъ запаселъе боса-раб, кIиго насос ремонталдаги буго.

Гьанже кьотIи ккана цода-гьабги качественный, къуватаб насос босизе. ГьабсагIат нижеца хIукму гьабуна чIахIиял, унта-рал гIадамазе водовозаз лъим баччизе дуниял хинлъизегIан.

Гьаб соналъ нижер лъадал проектал лъугIизе ккола 25 де-кабералде. Хьул буго гьеб зама-налда лъугIилин ва нижедаса проекталги тIаса инилан.

**Б. ИДРИСОВ,**
**Хьаргаби росдал бетIер**

КОРРУПЦИЯЛДЕ ДАНДЕ РАГЪ ГЬАБИЯЛЪУЛ КОМИССИЯЛЪУЛ ДАНДЕЛЪИ.

# Коррупциялъе нухал къазелъун



**Араб анкьалда районалъул администрациялъул минаялда тIобитIана коррупциялде данде рагъ гьабиялъул комиссиялъул данделъи.**

Данделъиялде босараб аслияб суал букIана 2025 соналъ комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьей. Гьеб суалгун кIалъазе вахъарав бетIерав специалист ГI. Меджидовас бицана 2025 соналда коррупциялда хурхарал гIадлу – низам хвезе гьабулел лъугьа – бахъинал районалда ккечIого рукIиналъе гьабураб хIалтIул. Районалъул учреждениял, организациязда, росабазул администрациязда юридическияб, практическияб ва методическияб кумек гьабиялъул хIалтIи гьоркьоса къотIизе течIого гьабиялъул. Гьеб хъулухъ ГI. Меджидовас бачунеб буго щуго сонидасаги цIикIкIун заманаялъ.

2025 соналда Комиссиялъ тIобитIана 4 заседание коррупциялда хурхарал дандчIвазе бегьулел суалалги рорхизарун. Районалда тасдикъ гьабун буго чангосоналъулаб программа «Противодействие коррупциив органах местного самоуправления МР «Гергебильский район» 2024 – 2026 соназе, жиб – жиб соналъ гьелъие бихьизабун буго 100 азарго гъурущ.

Заседаниялда тасдикъ гьабуна Комиссиялъул 2026 соналъул хIалтIулаб планги. Гьединго Комиссиялъул заседаниялда цебе босун халгьабуна 2025 соналъул 28 декабралда Россиялъул Президентас гъулбасараб Федералияб закон №505 – ФЗ. «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации». Гьеб законалда рекъон муниципалиял ва пачалихъалъулал хъулухъчагIаз доходазул баянал кьеялъул гьенир ккарал хиса – басиязул бицун кIалъазе яхъарай кадрабазулгун хIалтIул специалист Х. Мусаевалъ гIатIидго бицана щиб тартибалда ва кинаб къагIидаялда баянал кьезе кколеб хIалалъул.

## ОБЪЯВЛЯЕТСЯ ОТБОР КАНДИДАТОВ НА КОНТРАКТ В ПОДРАЗДЕЛЕНИЯ ВОЙСК БЕСПИЛОТНОЙ АВИАЦИИ

**Пункт отбора на военную службу по контракту Дагестана объявляет, что с 1 декабря 2025 года по 1 февраля 2026 г. будет проводиться отбор кандидатов на контракт в подразделения войск беспилотной авиации (БпС).**




Требования к кандидатам, поступающим на военную службу в воинских должностях в подразделения БпС на 1 год:

**по уровню образования:**

-операторы управления БпЛА – высшее, среднее профессиональное, базовое знание английского языка,

-операторы управления целевой нагрузкой и инженеры (техники) – среднее профессиональное;

**по возрасту: от 18 до 35 лет.**

Выплаты:

-400 000 рублей (федеральная выплата);

-500 000 рублей (региональная выплата);

-500 000 рублей муниципальная выплата от Гергебильского района Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц. Специалистам БпС установлена ежемесячная надбавка за особые условия службы к окладу по воинской должности в размере 300%. Также предусмотрены дополнительные выплаты за уничтожение ВВСТ и значимых объектов противника.

Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану:

**8 (989) 484-69-95.**

ПРОФИЛАКТИКА ВИЧ-ИНФЕКЦИИ У ПОДРОСТКОВ СТАРШЕ 15 ЛЕТ

# ПРОФИЛАКТИКА ВИЧ/СПИД

### 1. Общие сведения о инфекции

ВИЧ инфекция является пожизненным заболеванием. Хотя противовирусная терапия позволяет контролировать вирус, полного излечения не происходит. Главное — предотвратить заражение, поскольку лечение на поздних стадиях (СПИД) гораздо сложнее и сопряжено с риском сопутствующих заболеваний.

Информирование должно быть направлено не просто на передачу знаний, а на формирование мотивации к безопасному поведению.

### 2. Пути передачи и факторы риска

Половой путь — наиболее распространённый среди подростков, однако риск возрастает при наличии повреждений кожи или слизистых (царапины, воспаления десён и др.).

Парентеральный путь — при использовании нестерильных инструментов (например, шприцев, тату, пирсинг).

Специальные меры более актуальны при перинатальной передаче (от матери к ребёнку), однако среди подростков при определённой активности следует говорить о риске и средствах защиты.

### 3. Эффективные меры профилактики

3.1 Барьерный метод (презервативы)

Самый эффективный способ защиты — презерватив при каждом половом контакте. Даже при стабильных отношениях рекомендуется регулярное тестирование перед отказом от барьеров.

3.2 Формирование безопасного поведения

Не только случайные связи, но и устойчивый половой контакт без проверки статуса партнёра может привести к передаче ВИЧ. Поэтому важно проходить анализ на ВИЧ до отказа от контрацепции.

3.3 Информирование и мотивация

Информационные кампании должны быть мотивирующими, а не только просветительскими. Необходимо преодолеть барьеры: стеснение, отсутствие обсуждения, отсутствие навыков у родителей и педагогов.

3.4 Учебная среда и профилактика

Образовательная среда играет ключевую роль: важны системные, комплексные и толерантные программы превентивного обучения. Включение тем профилактики ВИЧ в учебные занятия (биология, обществознание, факультативы), а также вовлечение родителей и волонтёров усиливает эффективность.

Программы должны включать:

— предоставление достоверной информации;

— формирование навыков ответственного поведения;

— создание условий для вовлечённости подростков (волонтёрство, семейные консультации, вовлечение авторитетов).

### 4. Тестирование и доступность помощи

Важно обеспечить подросткам анонимный и бесплатный доступ к тестированию на ВИЧ, консультации и при необходимости — терапии.

Программы горячих линий, диспансерного наблюдения и просвещения помогают вовлечь подростков в профилактическую работу.

### 5. Почему это важно?

Подростки старше 15 лет — группа повышенного риска, особенно при низкой информированности и отсутствии навыков безопасного поведения.

Широкая и комплексная профилактика (барьерное средство, мотивация, образование, доступ к тестированию) — ключ к снижению новых случаев ВИЧ.

**Р. ЗАГИРОВА**
**Главный врач ФФБУЗ и «ГЦ и Э» в Гунибском районе**

ВЕТЕРИНАРИЯБ УПРАВЛЕНИЯЛЪУЛ НУХМАЛЪУЛЕСУЛГУН ГАРА-ЧIВАРИ

**Ахирияб заманаялъ гIадамазда гьоркьоб боцIи унтиялда сверун гIемераб бицен буго. ГьелЪул цIех-рех гьабизе дун ана районалъул ветеринарияб управлениялъул специалистазухъе. Багъарараб унтуда, гьеб сах гьабиялда ва районалда бугеб ахIвал-хIалалда сверун мухIканал баянал кьуна управлениялъул нухмалъулев ХI.Ильясовас.**



# ХIАЙВАН УНТИ – ХВАЖАИНАСУЛ КIВАР ГЬЕЧIОЛЪИ

Араб соналъул ахиралда нижеца, киса кирего, боцIуда иргадулаб вакцина гьабизе ва биял рахъизе лъазариял тIоритIизарун рукIана- ян бицана гьес. Мажгиталдасан, социалиял гьиназдасан лъазабуниги гIадамазул рахъалдасан жигарчилъи бихьизабичIо, ай абуни, нусгоялдаса цIикIкIараб хIайван гурони бачIинчIо вакцинациялде. Гьеб цIакъго дагьаб къадар ккола нилъер бакIалъе. Нижерго хIалтIухъабазул жигарчилъиялдалъун, фермабазде ун, рокъо – рокъоре ун гIемерго къадаралъ цIикIкIинабизе бажарана вакцинация гьаби. Нижеца нижерго хIалтIи гьоркьоб къотIизе толеб гьечIониги, гIемерисез абулеб бугоан жидеда лъачIин ва рагIичIин вакцина гьабулеб букIин- ян. Цойги нухалъ, тIадруссун лъазабиял гIадамазда рихьулел бакIазда седана, рузманалда лъазабуна боцIи уколал гьаризе рачине ккеялъул. Амма кинго гIадамазул рачIин къадараб буго.

Ниж хIадурал руго рокъоре инеги- ян, тIаде жубана Ильясовас. Амма гьенибги захIмалъи дандчIвалеб буго. Кирго гуро рокъор кумекалъе чи ратулел ругел. ХIайван ккевзе кканиги, ветврачасе цойги кумек хIажалъаниги, цо чиниги чIезе ккола рокъор. Кумек бугони, нижер ветврачазе цIикIкIун къадар хIайваназда вакцина гьабизе рес щола.

КъваригIараб буго жалго хважаинзабаз боцIул милат гьабизе, боцIуда хадуб бербалагьи мухIканаб гьабизе. Заман ккун гьаризе кколел вакцинаби гьари тIалаб гьабизе, би бахъизе ва цойги тIалабал тIуразе.

ГьабсагIат боцIуда гьоркьоб тIобитIараб унти - вируснияб диарея буго. Унти антибиотиказ сах гьабизеги кIола. Нижер хIалтIухъабаз гьабизе кколеб даруги малъула.

***Суал: Кинал гIаламатал рукIунел диареялъ унтараб хIайваналъул?***

Жаваб: Унтараб хIайваналъул байбихьула диарея (хIажат лъамалъи) ва температура 42-ялде бахуна. Гьединго байбихьула тахикардия (хIалцай), хIухьел цIай хехлъула, магIарзул къалазда гIетI бала. Жаниса кIалалда ва мацIалда язваби лъугьине байбихьула. ХIайваналъул кIалдиб полоп бала ва магIарзухъанги кIалдисанги хIацIу чвахула. Квандаса инкар гьабула, хехго хIалакълъизе байбихьула. Беразул конъюктивит байбихьула. ЩанкIазда гьоркьоб бакIалда рецIцI ккола. Хал гьабизе ккола лимфаузлабазулги. Гьеб киналъего мухIканлъи гьабула ветеринарияв тохтурас.

ХIайваналъул къаркъалаялъул температура бахун букIин живго хважаинасдаги лъазе кIола гьелъул ракьандасан лъар ккведал.

Лъазе кколеб буго, вирусалъул инфекция кутакалдасан хехго бахунеб унти букIин. Гьеб бахине бегьула унтарал яги гьеб унтуца хварал хIайваназдасан. Гьединго, унти бахине рес буго кормадасан, унтараб хIайваналда цере лъурал алатаздасан ва гьаваялдасан. Гьединлъидал, цодагьалниги унтул гIаламатал тIатани, хIайван батIа тIамизе ккола. Гьукъараб буго гьелъул кинабниги продукция кванне хIалтIизабизеги. ТIоцересел гIаламатал тIатаралго (хIацIу чвахи) хехлъи гьабун лъазабизе ккола ветеринарияв тохтурасда.

***Суал: ХIайваналъул унти чIезабидал, сундасан байбихьизе ккoлеб гьеб сах гьабизе?***

Жаваб: Унтул байбихьудаго цо укол гьабуни, рес буго хIайван цо сордо-къоялда жаниб сахлъизе. Гьеб кваназе байбихьула. Амма унти биччан тараб бугони, цойги нухалъ укол гьабизе ккола гьоркьоб сордо – къоги ун.

***Суал: ветеринариял тохтурзабаз кинаб дару гьабизе лъикIаблъун бихьизабулеб буго?***

Жаваб: Унтараб хIайваналда ччурбилъе гьабизе къуватаб ва бищун лъикIаблъун бихьизабун буго Азитронит. Гьебги босизе ккола хIайваналъул чIагояб цIайиялъул хIисабги гьабун (20кг -I гр дарудул). Гьеб укол гьабураб хIайван бегьуларо хъвезе 40 къоялъ.

Яги бегьула гьабизе Нитокс. Гьеб дару цодагьаб хIалдагьаб буго, гьелъул роцен гьабизе ккола I0 кг хIайваналъул чIагояб цIайиялъе -I гр дарудул. Нитокс гьабураб хIайван хъвезе бегьуларо 28 къоялъ ва рахь бегьуларо хIалтIизабизе 7 къойидасан гурони.

***Суал: Щиб цIуна-къуни гьабизе кколеб гьединал вирусалъул унтаби рагьаричIого рукIинелъун?***

Жаваб: Ящуралде данде вакцина гIужда гьабун бугони гьаб унтуцаги унтизе кколаро боцIи. РукIана, укол гьабун хадуб хIайван унтанилан абуралги. Гьелъие цо гIилла букIине ккола. ХIайваналъухъе вирус чорхолъе ккун, инкубационнияб заманаялъул бутIаялде ккани вакцина гьабураб заман, вакцинаялъ унтул чвахи гIедегIизабизе бегьула.

ЛъагIалида жаниб гIодобегIанаб кIиго нухалъ боцIул халгьаби гьабизе тIалаб гьабула нижеца. Ихдал марталъул байбихьуда, цинги хаслихъе магIардаса гIодобе боцIи бачIиндал гьарула уколал, бахъула би. Гьел халгьабиял, тIадеги, бокьараб заманаялъ гьаризе рачIине рес буго нижехъе, хIажалъи ккани.

Гьабураб хал гьабиялъул кьвараараб хъвай – хъвагIаялги рукIуна управлениялда: хважаинасул цIар, би бахъараб, укол гьабураб къо ва гь. ц.

***Суал: Бугибищ районалда вакцинадул гIураб къадар?***

Жаваб: Гьеб гIунги тIокIабцин буго нижер управлениялда. Гьари буго гIадамаздехун боцIуда гьаризе кколел уколал гьаризе рачIаян ихдалги хаслихъеги.

Унтараб боцIуда гьаризе дараби хважаинас жинцаго росизе ккола. Дару босун хадуб нижеда лъазабуни, гьеб гьабизеги рачIуна нижер тохтурзаби.

***Суал: Нужер хIалтIухъабазул гIураб къадар бугищ?***

Жаваб: Районалъул щибаб росулъ кIигояздаса гIодове хIалтIухъаби гьечIо: цо врач ва цо фельдшер.

Мисалалъе: чIахIиял росабалъ, Хьаргаби – щуго хIалтIухъан, КIикIуниб – 4, ГIаймакиб – 3 хIалтIухъан вуго. Кьо ккани, киналго цоцае кумекалъеги рахъуна.

***Суал: Жакъа къоялде кинаб ахIвал –хIал бугеб районалда?***

Жаваб: Сверухълъиялда унти баккарабго нижеца ахIи балеб букIана жамагIаталдехун, амма гIадамаз гIемер бербалагьи гьабичIо. АскIоб районалъул КъулецIма, УхIли росабалъ гIемерлъун букIана унти. Нилъер гьаниб, абуни, цIияб соналъул байрамкъоязда хIалуцун байбихьана боцIи унтизе. Абизе ккола, гьаб багъараараб унти гIадамазде бахунеб унти гурилан. Амма ракI гIодобе биччан рукIинеги бегьуларо.

Цинги ХI. Ильясовас бицана, живго лъияв вахъун, районалъул бетIер М. ТIагьировасухъе районалда бугеб ахIвал – хIалалъул бицине дандчIваялде иналъул. Главаяс буюрухъ кьуна совещаниялда цебе суал босизе ва гьелде кIвар кьезе.

Дица абиларо жакъа къоялде районалда цIакъго захIматаб, гIорхъодаса араб ахIвал – хIал бугилан.

Араб соналъ нилъер район унти багъаричIого хутIун букIана, гьебго заманаялъ сверухъ районазда унти багъарун букIаниги. Исана унти цIикIкIиналъе, нижеца рикIкIуна гIила вакцина гIужда гьабичIолъиялъул последствияби ругилан. Вакциналъул действие бащдаб лъагIалие гIола.

Руго цо – цо вакцинаби лъагIалие жидер цIуни бугел.

Мисалалъе сибирская язваялде, бруцелезалде данде вакцинаялъул къуват гIола лъагIалие.

БАЯНАЛЪЕ.

**Управлениялъул хIалтIул къо байбихьула радал 9 ялдаса бакъанида сагIат I6.00 тIубазегIан. ХIухьбахъиялъул заман 13.00 – 14.00 сагIат. ГIодор къоял суббота ва воскресенье. Амма, хIалтIуе чIезабураб низамалъухъ балагьичIого, ветуправлениялъул специалистаз бокьараб заманаялъ къабул гьарула боцIул суалгун рачIарал чи. АхIани рокъореги уна. БоцIи сезониял унтабаз унтизе биччай - хважаинасул кIвар гьечIолъи ккола. Унтараб хIайван кIвар гьечIого тани, гьелдасан цойги боцIуде унти бахани - цойгидал гIадамазда цебе такъсирчилъиги ккола. МацI лъалареб хIайваналъул миллат гьаби – Аллагьасул рахъалъ кириги букIина.**

Х.ШАМСУДИНОВА

## Гунибская межрайонная прокуратура сообщает

**Гунибской межрайонной прокуратурой с утверждением обвинительного акта направлено в суд уголовное дело по обвинению жителя с. Тидиб, Шамильского района в совершении преступления предусмотренного ч. 1 ст. 228 УК РФ.**

Проведенным предварительным расследованием установлено, что житель с. Тидиб осознавая противоправность своих действий, без цели сбыта приобрел и хранил наркотическое средство – марихуана, общей массой 12.94 грамм. По данному факту в отношении жителя с. Тидиб возбуждено уголовное дело по ч. 1 ст. 228 УК РФ.

Прокуратура напоминает, о недопустимости приобретения, хранения перевозки или изготовления наркотических средств, а также об ответственности за данные правонарушения в соответствии со статьей 228 УК РФ. Данная статья влечет за собой нарушение в виде лишения свободы со сроком до трех лет.

**Д. А. ДЖАБРАИЛОВ,**
**Заместитель Гунибского межрайонного прокурора, советник юстиции**

## Исполнение бюджета МО «село Кудутль» Гергебильского района за 2025 год

| Код Гл. Вед. | Код бюджетных классификации | Наименование доходов | Утверж. 2025 год | Исполнение |
|---|---|---|---|---|
| 001 | 100 000000 0000 000 | **доходы** | **119.0** | **118.9** |
| 001 | 1010200001 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 52.0 | 37.7 |
| 001 | 106 0103010 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 46.0 | 76.2 |
| 001 | 106 0601310 0000110 | Земельный налог | 21.0 | 5.0 |
| 001 | 200 0000000 0000 000 | **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | **4448.8** | **4308.3** |
| 001 | 202 15001100000 151 | Дотации бюджетам поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 3315.8 | 3175.3 |
| 001 | 202 35118100000 151 | Субвенции бюджетам поселений на осуществление полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствует военные комиссариаты | 185.3 | 185.3 |
| 001 | 202 200411 00000 151 | Субсидии бюджетам поселений на осуществление дорожной деятельности в отношении автомобильных дорог общего пользования, а также кап. ремонта и ремонта двор, террритор. многокварт. домов населенных пунктов | 821.7 | 821.7 |
| 00 | 11105025100000120 | | 0 | 0 |
| 001 | 20230024100000151 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 126.0 | 126.0 |
| 001 | 11705050100000180 | Прочие не налоговые доходы | | |
| 000 | 000 000000 0000 000 | Остаток прошлого года | | **1408.4** |
| | **ИТОГО:** | | **4567,8** | **5835.6** |

### Распределение бюджетных ассигнований за 2025год МО «село Кудутль »

| Учреждение | Вед. | Раздел | Целевая статья | Расход | Сумма на 2025 год | Исполнено |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Глава муниципального образования | 001 | 0102 | 999002001С | 121 | 679094 | 679094 |
| | 001 | 0102 | 999002001С | 129 | 205476 | 205476 |
| Центральный аппарат | 001 | 0104 | 999002003С | 121 | 1200681 | 1200681 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 129 | 362806 | 362806 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 244 | 43780 | 43780 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 247 | 5000 | 5000 |
| Выборы | 001 | 0107 | 994002002Ц | 880 | 144633 | 144633 |
| ВУС | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 88938 | 88938 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 26683 | 26683 |
| | 001 | 0203 | 2640151180 | 121 | 30726 | 30726 |
| | 001 | 0203 | 2640151180 | 129 | 9253 | 9253 |
| | 001 | 0203 | 2640151180 | 244 | 29700 | 29700 |
| Дорожная деятельность | 001 | 0409 | 1540520760 | 243 | 607680 | 607680 |
| Дорожная деятельность | 001 | 0409 | 994002602Л | 243 | 214000 | 214000 |
| Прочая закупка товаров работ и услуг | 001 | 0502 | 005002000М | 244 | 0 | 0 |
| Уличное освещение | 001 | 0503 | 994002601Л | 247 | 30000 | 30000 |
| Работы, услуги по содержанию имущества | 001 | 0503 | 994002602Л | 244 | 139500 | 139500 |
| Прочая закупка товаров работ и услуг | 001 | 0503 | 994002606Л | 244 | 31500 | 31500 |
| СДК | 001 | 0801 | 991002440Д | 111 | 398316 | 398316 |
| | 001 | 0801 | 991002440Д | 119 | 120292 | 120292 |
| ИТОГО | | | | | 4368058 | 4368058 |

**Глава МО «село Гергебиль» Магомедибиров А. К.**

СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ АМО «СЕЛО КУДУТЛЬ»

## Р Е Ш Е Н И Е

*№ 1* *от 15 января 2026 года*

## О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ на 2026.

Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026 год, определенные исходя из прогнозируемого объёма в размере 2549.2 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объём доходов сельского бюджета в сумме 2549.2 тыс.руб. в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 2227.2 тыс. руб. согласно приложению 1 к настоящему Решению;

Общий объём расходов сельского бюджета в сумме 2549.2 тыс. рублей.;

Утвердить в пределах общего объёма расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2026год согласно приложению 5 к настоящему Решению.

### Распределение доходов бюджета на 2026 год по кодам экономической классификации.

| Код бюджет, классиф. РФ | Наименование доходов | Сумма(тыс.рубл) |
|---|---|---|
| 00010000000000000000 | Доходы | 322.0 |
| 18210102000010000110 | Налог на доходы физических лиц | 53.0 |
| 00010601030100000110 | Налог на имущество физических лиц | 50.0 |
| 00010606013100000110 | Земельный налог | 25.0 |
| 00011700000000000110 | Прочие неналоговые доходы | 194.0 |
| 00020000000000000000 | Безвозмездные поступления | 2227.2 |
| 00120215001100000151 | Дотации бюджетам | 2000.0 |
| 00120235118100000151 | ВУС | 227.2 |
| 00120230024100000151 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 0 |
| 00120220041100000151 | Дорожный фонд | 0 |
| 00120220303100000151 | Чистая вода | 0 |
| | ВСЕГО | 2549.2 |

### Распределение бюджетных ассигнований на 2026 год

| Наименование показателя | РЗ | ПР | цс | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | | 6 |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 505420 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 141676 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 914958 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 264015 |
| Прочая закупка товаров работ и услуг | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 50000 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 247 | 5000 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 851 | 0 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 174576 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 02 | 03 | 9980051180 | 129 | 52624 |
| Увеличение стоимости прочих мат. запасов | 02 | 03 | 9980051180 | 244 | 0 |
| Содержание автом. дорог | 04 | 09 | 994002602Л | 244 | 0 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 40000 |
| Содержание автомобильных дорог | 05 | 03 | 994002602Л | 244 | 0 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 306543 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 94388 |
| | 01 | 07 | 994002020Ц | 244 | 0 |
| ИТОГО: | | | | | **2549200** |

**Глава МО «село Кудутль» Магомедибиров А. К.**

ХАЛКЪИЯБ МЕДИЦИНА

# *Хурма*

**Гьеб ккола хинаб бакIалда бижулеб, 16 метралде гIагарараб борхалъиялъул гъветI. Гьеб лъикI бижула ва барщула хинал бакIазда.**



ГьелъултIамхал рукIуна халатккарал, тIугьдул бецIгIурччинал, цIуялги бихьиналги, цIакъго гIисинал.

Пихъ гургинаб яги халатккараб, гьологIанасеб, тIогьилккараб, бурияб кьералъул (барщараб чIегIеркьераб) букIуна. Пихъ барщула октябрь декабрь моцIазда. Цо гъотIоца кьола 300 килоялде гIагарун бачIин. Хурма лъикI цIунула рукъалъул хинлъиялдацин. БачIин бакIарула барщарабго.

ТIоцебе гьеб букIуна къвакIун ва бакIаризеги рокъобе баччизеги санагIалъи букIуна. Хурмаялда гьорлъ букIуна 25 процент чакрил, 1,5 процент протеиналъул, 0,85 процент беэнлъиялъул, 0,5 процент гIечул цIекIлъиялъул, 40 процент С витаминалъул ва гьел гурел цогидалги къиматал микроэлементазул.

Гьединго гьелъулъ рукIуна гликозидал, органикиял цIекIлъаби, марганец, магний, свинец, пахь, махх. Пихъ хIалтIизабула гIатIго яги бакъвазабун.

Хурмадул цIул букIуна къвакIараб. Гьединлъидал, гьеб хIалтIизабула ралел бакIазда ва гъудал, гъудрул, музыкалиял тIагIелал ва цогидабги тIагIел - алат гьабизе. Хурмадул гьутIбуца ччукIизе риччачIого щула гьарула г1урул, лъарал рагIаллъаби. ГIатIгояб хурма хIалтIизабула сироп, мурапа, джемал гьаризеги.

Халкъияб медицинаялда хурма цебегоялдаса нахъе лъикIаблъун бихьизабун буго загIиплъарал унтаразе ва хасго би дагьлъаразе. Бакъвараб хурма хIалтIизабула бидул тIадецуй (давление) гIодобе ккезабизе, къойида жаниб 3-4 нухалъ кваназе ккола 20-30 хурмадул горо. Хурмадул тамахаб бутIа хъалгун цадахъ чIвазе бегьула хьордораб бакIалдаги. Гьеб хIалтIизабула риххел къотIизабизе, кванирукъалъул, бакьазул, хъутбузул унтаби ругони.

Хурма пайдаяблъун рикIкIуна чорхолъе загьру ккун бугони, гьеб бацIцIад гьабизе, квач хъвараб бакIалда тIад чIвазе. Бакъвазабун хIарараб хурмадул (гагадул) ханжу хIалтIизабула т1ом бацIцIад гьабизе.

ГIелмияб медицинаялдаги гьанжего гьанже бакIарараб яги бакъвараб хурма гIатIидго хIалтIизабула хIалакълъарал ва би дагьлъарал унтаразул черх щула гьабизе. БарщичIеб хурмаялъ чехь унтизабизе, гьеб гьорозабизе ва риххел щвезабизе бегьула. Гьеб кваназе бегьуларо кванирукъ чIобого бугониги.

Хурмаялъ кванирукъалъул квен биинабулеб сок бачIин ва гьелъул хIаракатчилъи гIодобе ккезабула. Сахал гIадамазе гьелъул хIинкъи букIунаро. Кванирукъалъул унти бугони, гьелъ чехь бакIлъизабула, рак1 сверизабула ва лагIдезарула.

Хурма хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо ригь арал гIадамазул гъиз свари ва геморой абулеб унти бугониги, чакрил унти бугониги. Чакрил унти бугез гьеб цIодорго хIалтIизабизе ккола.

Хурма кваназе бегьуларо рахьгун ва цIорораб лъимгун цадахъ. Гьеб цIибилгун, генигун, гIечгун цадахъ кваналеб бугони, гъиз сваруларо.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

## Лъазаби

2009 соналда КIикIуниб гьоркьохъеб школалъул 11 класс лъугIун ГIабдулкаримова Заира МухIамадовналъе кьураб АА 008 08 55 аттестат билун буго. Жакъа кьоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 22 января 2026 г.
Время подписания в печать по графику – 21:00
фактически – 20:00